



Pou Piblikasyon Imedya: 19/05/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GRAND OUVÈTI YON BATIMAN LOJMAN 36 MILYON DOLA KI KONPATISAN E ABÒDAB NAN BRONX**

***Norwood Terrace Ofri 115 Apatman Bay Sanzabri ak Moun Klas Modès nan New York***

Jodia Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ouvèti Norwood Terrace, yon batiman konpatisan nan Bronx ki te koute 36 milyon dola. Pwojè lojman 115-inite sa a, ki jere pa Concern for Independent Living, gen ladan sèvis konpatisan pou granmoun sanzabri ki gen pwoblèm sikyatrik, ansanm ak lojman abòdab pou moun ak fanmi klas modès la.

“Nouvo batiman sa a pral ofri moun ki souffri maladi mantal yon lojman desan e san danje, ansanm avèk tretman nan menm bilding nan. Epitou l ap kreye apatman a pri abòdab pou fanmi klas modès nan Bronx”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lojman abòdab se yon bagay fondamantal pou ede fanmi ak moun ki travay di, pou yo kreye yon fondasyon solid pou yon demen miyò.”

Nouvo bilding sa a, ki fèk konstwi e ki gen uit etaj, sitiye nan seksyon Norwood Bronx la. Batiman an gen ladan 58 inite lojman pèmanan konpatisan pou moun ki te sanzabri e ki gen maladi mantal. Yo pral ofri sèvis konpatisan sou plas, pou ede rezidan yo viv yon an sante e ki pwodikatif. Biwo Eta New York pou Sante Mantal la (New York State Office of Mental Health) ap bay plis pase 900,000 dola chak ane pou finanse jesyon inite konpatisan yo. Lòt inite yo se lojman abòdab pou moun klas modès New York.

Finansman an gen ladan 7.2 milyon dola ki soti nan men Ekip Restriktirasyon Medicaid (Medicaid Redesign Team) Gouvènè a, 5.7 milyon dola ki soti nan Pwogram Lojman ak Asistans Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program) grasa Biwo Eta New York pou Asistans Tanporè ak Enfimite (New York State Office of Temporary and Disability Assistance), 17.5 milyon dola atravè obligasyon egzanpsyon sou taks nan men Ajans Finansman Lojman Eta New York (New York State Housing Finance Agency), 13.8 milyon dola kapital pwòp Kredi sou Taks pou Moun Klas Modès (Low Income Housing Tax Credit) grasa Renouvèlman Kominote ak Kay Eta New York (New York State Homes and Community Renewal), e 138.000 dola ki soti nan men NYSERDA.

**Komisyònè Biwo Asistans Tanporè ak Enfimite (Office of Temporary and**

**Disability Assistance) Samuel D. Roberts te deklare,** “Gouvènè a mande ajans leta yo pou travay ansanm pou pran ka defi nou konfronte pou simonte sityasyon sanzabri yo ak mank lojman abòdab. Batiman tankou sa a se rezilta dirèk efò sa yo. Lojman konpatisan ofri estabilite ansanm ak sèvis moun bezwen pou pran ka pwoblèm ki te alabaz lefèt ke yo te sanzabri.”

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kominote ak Kay yo (Homes and Community Renewal), te deklare:** “Norwood Terrace Apartments se yon lòt egzanp ki montre angajman Gouvènè Cuomo lè pou li pran ka gwo mank ki genyen nan zafè lojman abòdab e konpatisan. Nou fyè pou n travay avèk patnè osen gouvènman an ak sektè prive a, onon moun New York parèy nou, pou bay yo opòtinite pou yo viv yon vi endepandan osen yon kominote djanm ak vanyan.”

**Komisyonè NYSERDA, John B. Rhodes, te deklare,** “Se youn nan priyorite Gouvènè Cuomo pou li ofri lojman abòdab pou ede moun ki pi vilnerab lè pri yo monte. Pwojè sa a pèmèt sanzabri yo ak rezidan klas modès jwenn lojman ak sèvis konpatisan ki enpòtan, nan yon anviwònman ki ofri konfò, ki pèmèt yo sere lajan, e ki bon pou anviwònman kominote ki antoure li a.”

**Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health), te deklare:** “Rechèch montre lojman konpatisan ede moun vilnerab kenbe yon lojman estab, epi evite plasman nan yon etablisman swen ak sèvis dijans. Norwood Terrace se yon lòt egzanp angajman Gouvènè Cuomo pran pou ofri opòtinite lojman konpatisan bay moun k ap refè apre yon maladi mantal, sa ki pèmèt yo viv yon vi byen ranpli e ki pwodiktif osen kominote yo.”

**Manm Kongrè Adriano Espaillat te deklare:** “Lojman abòdab enpòtan pou rezidan nou yo, ak vitalite kominote nou an. Mwen bat bravo pou tout òganizatè ak pwomotè imobilye ki te jwe yon wòl pou fin bati Norwood Terrace. Kòm fonksyonè moun vote pou yo, ak lidè nan kominote a, nou chak gen yon wòl pou nou jwe nan efò k ap fèt pou asire tout rezidan, espesyalman moun ki sanzabri e ki andikape, epitou fanmi ki nan bezwen yo, gen aksè a lojman abòdab.”

**Manm Konsèy Andrew Cohen te di,** “Avèk adisyon nouvo Terrace Norwood nan Bronx, nou kreye yon gwo opòtinite pou bay fanmi klas modès yon kote san danje e abòdab pou yo viv. Mwen remèsye Gouvènè a pou envestisman san souf li fè nan lojman konpatisan e abòdab e map rete tann konsekans pozitif nouvo batiman sa a pral genyen sou kominote nou an.”

**Maria Torres-Springer, ki se Komisè Prezèvasyon ak Konstriksyon Lojman (Housing Preservation and Development, HPD), te deklare,** “N ap viv nan yon epòk kote jwenn yon kay ki estab e abòdab se deplizanpli yon sous estrès ak anksyete pou fanmi nan vil nou an. Yon pwojè tankou Norwood Terrace se yon bouwe sovta. HPD fyè dèske li mete tèt ansanm ak patnè eta ak federal nou yo pou transfòme sit abandone sa a pou l tounen yon batiman lojman konpatisan e ki sèvi avèk enèji yon fason efikas, pou moun New York ki pami sa ki pi vilnerab yo. Mwen vle remèsye Concern for Independent Living ak tout patnè pwojè nou an dèske yo fè kay san danje tounen yon reyalite ak yon opòtinite pou 115 fwaye.”

**Ralph Fasano, Direktè Egzekitif Concern for Independent Living, Inc., di,** “Nou te apresye anpil opòtinite pou nou travay avèk B&B Urban, patnè oson Gouvènman nou yo, ansanm ak sous finansman Nongouvènmantal nou yo, pou ede kreye lojman konpatisan e abòdab sa a, ki nesèsè anpil. Lojman sa a reprezante solisyon pou sitiyouon sanzabri yo, depans Medicaid ki wo, ak estrikti delabre ki desann valè yon kominote.”

**José R. González, prezidan ak Direktè Jeneral Federal Home Loan Bank of New York te di,** “Norwood Terrace pral pote lojman abòdab e konpatisan ki nesèsè anpil nan Bronx. Nou fyè dèske nou te met tèt ansanm ak youn nan manm nou yo, Astoria Bank, pou ede finansman batiman enpòtan sa a.”

**Todd Gomez, ki se Chèf Egzekitif Mache Bankè Devlopman Kominotè (Community Development Banking Market) nan Bank of America Merrill Lynch te deklare,** “Norwood Terrace se yon bon egzant rezilta pozitif kolaborasyon sektè piblik ak sektè prive ka genyen sou yon kominote. Bank la bay yon lèt kredi 18.1 milyon dola sou peryòd konstriksyon an, ak yon envestisman kapital pwòp kredi sou taks 13.5 milyon dola pou ede patnè nou yo nan Concern for Independent Living ak B&Urban LLC kreye lojman konpatisan san danje e abòdab pou moun ak fanmi nan South Bronx. Nou pran angajman pou soutni batiman tankou Norwood Terrace pou gen yon efè pozitif e ki dire lontan sou kominote a.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418